Бадаева А.С., Алиева З.Л-А., Халикова А.Х.

НОХЧИЙН ЛИТЕРАТУРА

Белхан тетрадь

3 класс

1 дакъа

Нохчийн Республикин йукъарадешаран учрежденешна

Соьлжа-ГІала
АО «ИПК «Грозненский рабочий» – 2023

УДК 372.8
ББК 74.261.4(Чеч.)
Н85

Н85
Нохчийн литература. 3 кл. 1 дакъа. Къамел кхиорна лерина белхан тетрадь / ХIоттийнарш: Бадаева А.С., Алиева З.Л.-А., Халикова А.Х. – Соьлжа-ГIала: АО «Издательско-полиграфический комплекс «Грозненский рабочий», 2023. – 32 а.
ISBN 978-5-4314-0540-2

Белхан тептарна йукъа догIуш долу тIедахкарш 3-чу классан Iаматца («Нохчийн литература. 3 кл.». Бадаева А.С., Алиева З.Л-А., Халикова А.Х.) нисдина ду. Уьш дешархойн хаарш лакхадахарна, тIедузарна, талларна лерина ду. Амма дукхахдолу тIедахкарш кхолларалли а, къамел кхиоран а балхана лерина далийна.

Халонаш нисйеллачохь дошамех а, интернетах а пайда эца мегар ду.

Федеральни пачхьалкхан коьрта йукъарчу дешаран стандартан лехамашца йогIуш тIейуьзначу «Нохчийн литература. 3 кл.» Iаматца догIуш а, личностни, метапредметни, предметни жамIашка кхача аьтто беш а ду белхан тептар.

УДК 372.8
ББК 74.261.4(Чеч.)

ISBN 978-5-4314-0540-2

© АО «ИПК «Грозненский рабочий», 2023
© Бадаева А.С., 2023
© Алиева З.Л-А., 2023
© Халикова А.Х. 2023
Все права защищены

ЛАРДЕЛАШ ЛАТТА

1. Вайн Даймехкан суьрташ билгалдаха. КхидIа дерш мичара ду аьлла, хета хьуна?





























КХЕТАМАН ОРАМ

2. Ахь йийширий аьхка киншкаш? Муьлханаш йийшира?

Дикас «Йешархочун тептар» долийна аьхка. Цу тІе ша йешначу киншкех боцца хаамаш дІайазбо цо. Цо санна, айхьа йешначу говзарех дерг йазде.

Авторан цІе: *Гацаев саІид* Говзаран цІе: *Дехкийн дов* Жанр: *Басня*	Авторан цІе: *Закриев Іийса* Говзаран цІе: *Йешап пенсе дахар* Жанр: *Туьйра*	Авторан цІе: *Халкъ (фольклор)* Говзаран цІе: *Лулахой* Жанр: *Туьйра*

3. Ахь хІун эр дара жайнех, йешарх лаьцна? Ойла а йай, дІайазде хьайгара цхьа алар.

_____

_____


_____

_____


Авторан цІе: _____ Говзаран цІе: _____ Жанр: _____	Авторан цІе: _____ Говзаран цІе: _____ Жанр: _____	Авторан цІе: _____ Говзаран цІе: _____ Жанр: _____

	Авторан цIе: _____ Говзаран цIе: _____ Жанр: _____	Авторан цIе: _____ Говзаран цIе: _____ Жанр: _____

4. Хьайн классан тептар лелош верг хьо хилча, ахь хIун йаздийр дара цу тIе? Лахахь йиллинчу тептаран агIон тIе хьайн классан дахаран цхьана дийнах лаций йазде.



5. Тептар лохуш, библиотеки чуьра жайнаш кегадина ДикагIара. Уьш шен шен метте дIанисдеш гIоде. (Жайнин хила дезачу рогIалле хьаьжжана, горгалгаш чу терахьаш хIиттаде)



6. Лахахь далийнчу хаттаршна жоьпаш лаха.

а) «Керла жайна схьадоьллучо хIоразза а дуьнене керла неI схьайоьллу» дешнаш аьлларг мила ву?

- ○ Демеев Iалавди
- ○ Абдулаев Леча
- ○ Толстой Лев

ав) «Дуьйцу Iилма таханенна ду, дIайаздинарг – ...» чекхдаха Абдулаев Лечин дешнаш.

- ○ тахханалц ду

○ гуттаренна ду
○ йаздина даллалц ду

б) Книгаш йешаро стенна тIехь гIодо вайна? Нийса жоьпаш билгалдаха.

○ Ес чIагIдо
○ Хьекъал, кхетам кхиабо
○ Ца девзинарг довзуьйту
○ Хьекъал дIадоккху
○ Ойланаш йойту
○ Дешар тIера ойла дIайоккху

в) Дуьненан уггар шира библиотека муьлхачу гIалахь хилла?

○ Неневи
○ Соьлжа-ГIала
○ Москва

г) Нохчийчоьнан коьрта библиотека стенгахь йу?

○ Соьлжа-ГIалахь
○ Шелахь
○ Гуьмсехь

гI) ТIаьхьенна дита йаздинчу нохчийн ширачу йозанех хIун олу?

○ Жайна

○ Тептар
○ Іамат

д) Дуьххьарлера шира йозанаш стенна тІехь йаздеш хилла?

○ Кехат тІехь
○ ТІулга тІехь
○ Поппарх йиначу экъанаш тІехь

ГУЬЙРЕ

7. Гуьйренан сурт дилла.

8. Лахахь дІайазйинчу байтан тІе ца тоьа дешнаш дІайазде, Іамат тІе а хьожуш.

ДогІа догІуш ду

ДогІа _____ ду, догІуш ду.
Іалам доьлхуш ду, _____ ду.

_____ саццаза, саццаза,
Ца Іа белхаза, _____.

Цунна _____, хІун дер-те?
_____ дер-те, гІо дер-те?

_____ белийта, белийта,
ПаргІатбалийта, _____.

Саца, догІа, хьо, _____,
Дукха догІу хьо, _____.

_____ делхадо, делхадо,
Дог ахь _____, дохадо.



9. Сакаева Мадинин «Йац хьо, гуьйре, дагна чевне» байта йукъара билгалдаьхна дешнаш дошам тІера схьайазде.

_____

_____

_____

_____

_____

_____

_____

_____

_____

10. Олхазарийн суьрташ, церан цІераш цхьаьнатоха.















къиг

аккхал

кхокха

лоршал

хьоза

гІаргІули

чІегІаг

12. Муьлхачу байта тIера ду хIара могIанаш? Авторан а, байтан а цIе дIа-йазйе.

ДIаоьху исбаьхьа ковра,
Даймехкан Iодика йеш,
Кхолламо йазбинчу новкьахь,
Сийналлехь узамаш беш.

_____

_____

13. МогIанаш нийса цхьаьнатаса, лахахь санна.

ГIаргIулеш	йуьтуш Кавказ
Декадеш	шун дегнаш доьлху
Хетало	къилбехьа йоьлху
Лаамза	гIайгIане аз
ДIаоьху	йазбинчу новкъахь
Даймехкан	узамаш беш
Сийналлехь	исбаьхьа ковра
Кхолламо	Iодика йеш.

14. Нийса жоьпаш билгалдаха.

а) Хьалха нохчаша муьлха де лоруш хилла гуьйренан хьалхара де?

- ○ Товбецан 23-гIа де
- ○ Дуьхьара догIа деана де
- ○ Товбецан 1-ра де

аь) Шайна кхочуш долу хи, серло, йовхо – дерриг а Іаьнах дала орамашний, генашний а кхочуьйтуш, дитташа хІун до гуьйранна?

- ○ Заза доккху
- ○ ГІаш охьаэгадо
- ○ Генаш лестайо

б) ГІаргІулеша гуьйранна хІун до?

- ○ Шайна баннаш кечдо
- ○ Бовхачу махка дІайоьлху
- ○ Шаьш Іаш йолу меттигаш Іаьнна кечйо

в) Гуьйранна ца хуьлу Іаламан хийцам билгалбаккха.

- ○ ГІаргІулеш бовхачу махка дІайоьлху
- ○ Іаламо Іаьнна кечам бо
- ○ Дитташа заза доккху
- ○ ДогІанаш оьху

15. Гуьйренах хьайн хилла тидамаш дІайазбе.

_____

_____

_____

_____

_____

_____

_____

_____

_____

_____

_____

16. Гайсултанов Іумарх лаьцна хІун хиира хьуна? Хаттаршна жоьпаш ло.

Дуьнен чу маца ваьлла Гайсултанов Іумар?

_____

ХІун дийцарш, повесташ йазйина цо?

_____

_____

_____

_____

Лахахь долчу суьртех Гайсултанов Іумарниг муьлха ду?







18. Нийса жоьпаш билгалдаха:

«Іалам хаздан деза» дийцарехь хІун деш вара ши кІант?

- ○ Ловзуш
- ○ Синтарш дІадугІуш
- ○ Урокаш йеш

Шина кІантана тІевеънарг мила вара?

- ○ Решед
- ○ Ризван
- ○ ЯрагІи


Ши кІант тергалвеш мила вара?

- ○ Воккха стаг
- ○ Хьехархо
- ○ Лулахо

Муха мах хадийра воккхачу стага шина кІанта синтарш дІадогІаран?

- ○ Хастийра
- ○ Тергал а ца дира
- ○ Дов дира

19. Ахь муха хуьлуьйтур йара кетIе? Сурт дилла.



20. Саракаев Хьамзатах хаттаршна жоьпаш ло.

Маца дуьненчу ваьлла Саракаев Хьамзат?

_____

Цуьнан да мила хилла?

_____

Нана? _____

Саракаев Хьамзата йазйинчу говзарийн цIераш дIайазйе. _____

_____

_____

_____

_____

21. «Дика кІант Муса» байта тІехь буьйцу гІирсаш бевзий хьуна? Кхин хІун гІирс лелабо гІуллакх деш? Лахарчу суьрташкахь гайтинчу гІирсийн цІераш дІайазйе.

(диг, жІов, херх, бел, шалгу, кагтух, хьостам, мІорзах)

22. ХІун хиира хьуна Кагерманов Доккех?

Маца дуьненчу ваьлла Кагерманов Докка?

_____

Бералла мичахь дІайахна цуьнан?

_____


Кагерманов Доккин говзарийн цІераш дІйазйе

_____


_____

_____


23. Лахарчу суьртех Кагерманов Доккин муьлханиг ду?







24. «Маьлха хIуш» байтана сурт дилла.



25. Махмаев Жамалдих хаттаршна жоьпаш ло.

Маца дуьнен чу ваьлла Махмаев Жамалди?

_____

ХIун болх беш хилла иза?

_____

Цуьнан говзарийн цIераш дIайазйе.

_____


_____


_____

_____

Лахарчу суьртех Махмаев Жамалдиниг билгалдаккха.







27. Махмаев Жамалдин «ГІоралгаш» дийцар дакъошка декъа, хІора а декъана цІе тилла. Айхьа хІоттийна план дІайазйе.

_____

_____

_____

_____

_____

_____

_____

28. Нийса жоьпаш билгалдаха.

а) Хьайна бевзачу нохчийн берийн йаздархойн цІераш дІайазйе.

_____

_____

_____

_____

_____

_____

_____

аь) Суьрташ а, цIераш а нийса цхьаьнатоха.



Гайсултанов Iумар



Махмаев Жамалди



Саракаев Хьамзат



Кагерманов Докка

б) Гайсултанов Іумарна бераллехь дукха туьйранаш дуьйцуш, цуьнан матте а, литературе а безам бахийтинарг мила хилла?

- ○ Нана
- ○ Денана
- ○ Йиша
- ○ Жайна

в) «Дика кІант Муса» байтан автор мила ву?

- ○ Кагерманов Докка
- ○ Саракаев Хьамзат
- ○ Гайсултанов Іумар
- ○ Макалов Шамсудди

г) Берийн йаздархо а, нохчийн меттан а, литературин а хьехархо а хилларг мила вара?

- ○ Махмаев Жамалди
- ○ Гайсултанов Іумар
- ○ Кагерманов Докка
- ○ Саракаев Хьамзат

гІ) «Маьлхан хІуш» байтан автор мила ву?

- ○ Мамакаев Мохьмад
- ○ Кагерманов Докка
- ○ Демеев Іалавди
- ○ Гадаев Мохьмад-Салахь

ЙАЗДАРХОЙН ТУЬЙРАНАШ

29. Гелагаев Сайд-Мохьмадан «Туьйранан новкъадалар» байта тIехь йалийнчу дийнатийн цIераш схьайазйе

_____

_____

_____

_____

_____

_____

30. «Туьйранан новкъадалар» байтан коьрта турпалхочун сурт дилла.

31. Дикаев Бексолтан «КIайн полларчий мича даха-те?» туьйранехь Марха муьлхачу мехкашка кхечира? ДIайазйе церан цIераш.



_____ _____





_____ _____



32. «КIайн полларчий стенга даха-те?» туьйранерчу хиламийн рогIалла билгалйаккха, терахьаш а хIиттош.

- КIайн полларчий дIадахна
- Мархина кетар ло
- Полларчий схьакарадо
- Аьхкенан махка кхочу
- Марха полларчий лаха йоьду
- Мархина йоккха стаг дуьхьал кхета

33. «Догмайра Шахьсан» цIе йолу туьйра дакъошка декъа, хIора декъана цIе тилла. ДIайазйе лахахь.

_____

_____

_____

_____

_____

_____

_____

34. «Догмайра Шахьсан» туьйранна хаттарш хIиттаде. Классехь вовшашка ло и хаттарш.

_____

_____

_____

_____

_____

_____

35. Хаттаршна жоьпаш ло.

«Массарна дерг – ловзар» туьйранан коьрта турпалхо мила ву?

_____

_____

_____

Зингу дIа хIунда дахара?

_____

_____

ХIун бохам хилира цунна?

_____

_____

_____

Стенах кхийтира Зингу?

_____


_____

_____

36. Йаздархойн а, церан говзарийн а цIераш хуттуш сиз хьакха лахаь санна.

«Догмайра Шахьсан»	Цикаев Бексолт
«Массарна дерг – ловзар»	Сулейманова Зайнап
«КIайн полларчий мича-даха-те?»	Гелагаев Сайд-Мохьмад
«Туьйранан новкъадалар»	Тапалаева Аминат

37. ГIо де ДошлиггIарна авторийн туьйранаш схьакъасто. Царна оьшуш долу жайнаш басарде.















38. Хаттаршна нийса жоьпаш лаха.

а) Халкъо бІешерашкахь кхоьллина, цхьаммо вукхуьнга дийцарца вайга схьакхаьчнарш ду:

- ○ йаздархойн туьйранаш
- ○ халкъан туьйранаш

аь) Туьйранашкахь бен хила йиш йоцурш билгалдаха.

- ○ Дийнаташа адамийн маттахь къамел дар
- ○ Цициг дитта тІе далар
- ○ ТІемаболу куз-кема хилар
- ○ Бай тІехь зезагаш довлар

ХИНДОЛУ ХЬОЗА БЕНАХЬ ДЕКА

39. Муслимехь хIун амалш гучуйовлу «Дуьххьарлера толам» дийцар тIехь? И амалш билгалйаха, биъсаберш басар а йеш.

Майралла

Хьекъал

Стешхалла

Яхь

Ехь

Куралла

Доьналла

Аьрхалла

Сийдацаралла

Къинхетам

41. «Дош» байта тIера ца тоьа дешнаш схьайазде Iамат тIера.

Дош

Цкъа цхьанна _____ делла,
«XIаъ» _____ ваьллехь,
Аьлла дерг, «хIаъ» _____,
_____ деза.

Хууш _____ хууш
Багара _____,
Шен _____, да хилла,
_____ деза.

42. Гайсултанов Іумаран «ЯрагІи» дийцар йуккъера кийсак йеша:

Тамашийна вара ЯрагІи. Нийсархойх къехкаш хуьлура иза. Шел кегийчаьрца хуьлура гуттар а. Царах а, ша омрин хьесапехь дІаааьлларг кхочушдеш верг бен йухха а ца вуьтура, ша аьллачунна тІехь волчуьнца бен ловза а ца ловзура.

Хьуна хІун аьлла хета: цхьадолчу кегийчу бераша ЯрагІис аьлларг до, ткъа вукхара ца до – хІунда ду и иштта? Оцу берийн хІун амалш гойту цо? Айхьа хІун дийр дара аьлла хета хьуна? Решидан а, Ризванан а метта хилча, ахь хІун хьехар дийр дара оцу кегийчу берашна? ДІайазде хьайн хьехар.

_____

_____

_____

_____

_____

_____

_____

_____

_____

43. Йаздархойн цІераш а, церан говзарш а хуттуш сиз хьакха.

«ЯрагІи»	Дакаев СаьІидбек
«Дуьххьарлера толам»	Гайсултанов Іумар
«Дош»	Магомадов Мансур

44. ДIайазде хIокху хаттаршна жоьпаш.

1. Муьлха турпалхой бу вай йешначу говзаршна йуккъехь? Церан цIераш дIайазйе.

_____

_____

2. Церан хIораннан а хIун амалш йу?

Муслим _____

_____

Муслиман йиша_____

_____

ЯрагIи _____

_____

Решид, Ризван _____

_____

«Дош» стихан автор _____

_____

3. Хожина, шен накъост а вина, дIавуьгучу турпалхочуьнгахь хIун амалш оьшур йу?

_____

_____

4. Мила ву аьлла хета хьуна Хожас шена накъост лаьцнарг?

_____

_____

_____

_____

Чулацам

Ларделаш латта 3
Кхетаман орам 6
Гуьйре 10
Йаздархойн туьйранаш 23
Хиндолу хьоза бенахь дека 28

Учебное издание

**Бадаева Айшат Салауддиновна, Алиева Зарина Лом-Алиевна,
Халикова Асет Хусаиновна**

ЧЕЧЕНСКАЯ ЛИТЕРАТУРА

**Рабочая тетрадь № 1
к учебнику А.С. Бадаевой, З.Л.-А. Алиевой, А.Х. Халиковой
«Чеченская литература. 3 класс»**

Редактор Бураева Т.И.
Верстальщик М.С. Астомирова
Технический редактор С.В. Дзагаева
Корректор А.Т. Бицалова

9 785431 405402

Подписано в печать 12.01.2023. Формат 70x90 1/16. Бумага офсетная.
Печать офсетная. Гарнитура SchoolBookC. Усл.-печ. л. 2,34.
Тираж . Заказ .

АО «Издательско-полиграфический комплекс «Грозненский рабочий»
364000, ЧР, Грозный, ул. Санкт-Петербургская, 12/35

Бадаева А.С., Алиева З.Л-А., Халикова А.Х.

НОХЧИЙН ЛИТЕРАТУРА

Белхан тетрадь

3 класс

2 дакъа

Нохчийн Республикин йукъарадешаран учрежденешна

Соьлжа-ГІала
АО «ИПК «Грозненский рабочий» – 2023

УДК 372.8
ББК 74.261.4(Чеч.)
Н85

Н85
Нохчийн литература. 3 кл. 2 дакъа. Къамел кхиорна лерина белхан тетрадь / ХIоттийнарш: Бадаева А.С., Алиева З.Л.-А., Халикова А.Х. – Соьлжа-ГIала: АО «Издательско-полиграфический комплекс «Грозненский рабочий», 2023. – 32 а.
ISBN 978-5-4314-0537-2

Белхан тептарна йукъа догIуш долу тIедахкарш 3-чу классан Iаматца («Нохчийн литература. 3 кл.». Бадаева А.С., Алиева З.Л-А., Халикова А.Х.) нисдина ду. Уьш дешархойн хаарш лакхадахарна, тIедузарна, талларна лерина ду. Амма дукхахдолу тIедахкарш кхолларалли а, къамел кхиоран а балхана лерина далийна.

Халонаш нисйеллачохь дошамех а, интернетах а пайда эца мегар ду.

Федеральни пачхьалкхан коьрта йукъарчу дешаран стандартан лехамашца йогIуш тIейуьзначу «Нохчийн литература. 3 кл.» Iаматца догIуш а, личностни, метапредметни, предметни жамIашка кхача аьтто беш а ду белхан тептар.

УДК 372.8
ББК 74.261.4(Чеч.)

ISBN 978-5-4314-0537-2

© АО «ИПК «Грозненский рабочий», 2023
© Бадаева А.С., 2023
© Алиева З.Л-А., 2023
© Халикова А.Х. 2023
Все права защищены

ЖИМА ДОККХА ДУЬНЕ

45. Батаева Хедин стихотворени, тІе ца тоьа дешнаш Іамат тІера схьа а йазйеш, меттахІоттайе.

Хьуьно _____
_____ кхаъ.
Ненан _____ схьалаьцна,
ЙогІу жима _____.
– _____, бохуш
ЙоІа _____,
– _____ догІа догІуш
Дитташ _____?
Жоп _____ нанас:
– Оьшуш _____.
_____ уьш,
Царна _____ хи.
_____ дукха хитти
Цхьацца _____:
– _____, дитташ
ЧІогІа _____?
_____ царна
Тоьхча _____?
_____ а санна,
Доьлхуш _____?

46. Мамакаев Эдуардан «Іелий, киттий, аьшпашший» стихотворенин сурт дилла.



47. Пашаев Нурдинан «Барзо диъна моз» стихотворенехь нанас дина къамел цІен сиз хьакхарца билгалдаккха, ткъа кІанта дина къамел – сийначу сизаца.

Барзо диъна моз

Нанас лергах мехий дохуш,
КІанте хьехар дина бах:
«Со йу хьуна цІера йолуш,
Вон ца лелаш Іелахь цІахь,

Пешо «овиш» дийр ду хьуна,
Нагахь цунна тІегІортахь...
Вайн ишкап чохь борз йу хьуна,
Варий, неІ ма йеллалахь!»

Амма кIентан са ца тийна
Нанас баьхнарг кхочушдан.
Ишкапа неI цо йиллина
Лечкъина Iа экха ган.

ЦIа ма-кхеччи гина нанна
Ишкапа чохь доцу моз,
Бехках хьалхаволуш кIанта,
Цунна бехке йина борз.

Цициг Iара хур-хур деш,
КIентан хIиллан хилла теш.
Бабе дийца гIертара:
«КIант йу, – бохуш, – жима борз!»

48. Хьан чохь йа лулахь жима бер дуй? Хьан цхьа а йукъаметтиг йуй йцу бераца? Цуьнан тидам биний ахь? ХIун леладо цу беро? Къамел дой цо? ХIун дуьйцу? Муха амалш гойту цо? Цу дерригенан тидам а бай, цунах лаций йазде.

_____

_____

_____

_____

_____

_____

_____

_____

_____

_____

_____

ІАЛАМ

49. Гацаев СаІидан «Хьуьнах» цІе йолчу байта тІера дийнатийн цІераш схьайазйе. Олхазарийн цІераш хьалхарчу могІарехь, ткъа кхечу дийнатийн цІераш шолгІачу могІарехь йазйе.

1. _____

_____

2. _____

_____

50. Хьуьнхахь айхьа тидам бинчух лаций йазде.

_____

_____

_____

_____

_____

_____

51. «Хьуьнан илли» байта тІера хьайна хазахеттачу дийнатах лаций йазде лахахь. Дийца хьайна цу дийнатах хезнарг а, айхьа жайнаш тІехь дешнарг а.

_____

_____

_____

_____

_____

_____

_____

Хаарш зер

52. Йаздархойн а, церан говзарийн а цIераш хуттуш сиз хьакха.

«Хьуьнах»	Мамакаев Мохьмад
«Хьуьнан илли»	Гацаев СаьIид
«Олхазарийн къамел»	Ахмадов Муса
«ГIундалгIеш, цIазамаш, муьргаш, комарш»	Гелагаев Сайд-Мохьмад

53. Хаттаршна жоьпаш лаха.

а) «Хьуьнах» цIе йолчу байта тIехь хьахийна доцу дийнат билгалдаккха.

- ○ Пхьагал
- ○ УьнтIапхьид
- ○ Пийл
- ○ Цициг
- ○ Цхьогал
- ○ Пхьид

аь) «Олхазарийн къамел» байта тIехь хьахийна доцу олхазар билгалдаккха.

- ○ Маьлхахьоза
- ○ ЦIаьлгIарз
- ○ ХIурцIаьлдиг
- ○ ЧIегIаг

б) «Хьуьнан илли» байта тIехь хьахийна доцу дитт билгалдаккха.

- ○ Наж
- ○ Хьех
- ○ Базалг

IA

54. Лахахь долчу хаттаршна жоп ло.

1. Вайна арахь йерг шеран муьлха хан йу?

_____

2. Іаьнан беттанийн цIераш дIайазйе.

_____

3. Іаьнах лаьцна байташ йазйинчу массех нохчийн поэтан цIераш йазйе.

_____

_____

4. Керлачу шарах лаьцна хьайна йевзачу говзарийн цIераш йаха.

_____

_____

_____

_____

_____

_____

_____

_____

55. Муха синхаамаш бовзийта гІерта «Іаьнан бІаьргаш» стихотворенин автор? Хьайна нийса хетачу жоьпашна кІел сиз хьакха.

Хазахетар, гІайгІа, бала, халахетар, синпаргІато, синъайъам, оьгІазалла, догдиллар, самукъадалар.

56. «Хьаьрса доттагІ» дийцаран хиламийн рогІалла дІанисйе терахьашца.

○ ДогІуш ло дара.
○ Самаваьлча, ло дІадоккхуш гира шен ненваша а, шича а.
○ Зайндина наб ца кхетара.
○ Ахк тІе бежнашна хи мало вахара.
○ Бабас шелонах ларло элира.
○ Цхьогална хьокхам беара.
○ Цхьогалан лар гира.
○ Шен кІорнешца цхьогал гира шина кІантана.

57. «Шийла Іа» байта йукъара дустарш далийна лахахь. Хьажа уьш муьлхачу хиламашна далийна ду. ТІейазде нийса жоьпаш.

«КІайчу бамбин цуьргаш санна _____»,
«Лайлахула, хьерайаьлла _____»,
«ГІорош деъна хаза _____»,

58. «Пхьар» дийцаран турпалхочух Салманах лаций йазде. Дийца муха гІуллакх ду цо динарг.

_____

_____

_____

_____

_____

_____

_____

Хаарш зер

59. Хаттаршна жоьпаш ло.

а) Шеран уггар доца денош хуьлу

- ○ ГІуран беттан 23–25 денош.
- ○ ГІуран беттан 12–13 денош
- ○ Чиллин беттан 23–25 денош

аь) Шело чІагІйелла догІуш долу 40 дийнах хІун олу вай?

- ○ Аьхкенан чилла
- ○ Іаьнан чилла
- ○ Бардал Іаьза

б) маса дийнахь лаьтта Іаьнан чилла?

- ○ 30
- ○ 40
- ○ 10

ДОТТАГІАЛЛА

60. «Кхо полла» туьйранан чулацамца догІу кица къастаде.

- ○ «Дика доттагІа – йоьгІна гІала»
- ○ «Нехан динара хатталахь вуссу»
- ○ «Дагна бІаьргал хьалха го»

61. «Кхо полла» туьйранан турпалхоша муьлхачо хІун элира билгалдаккха лахахь санна.

«ЦІениг, можаниг ас чубуьтур бу, ткъа кІайниг сан бос бац, и тІеэца сан йиш йац».	АлцІензІам
«КІайн полла ас чубуьтур бу, иза сан басахь хиларна, ткъа шуьшиъ тІеэца сан йиш йац. Ашшимма шайн-шайн бос лаха. ЦІениг, можаниг а сан бос бац»	
«Сайн ши ваша дІатесна, со Іийр бац хьоьца. Кхин некъ лохур бу оха кху кІелхьардовла».	
«Хьуна баркалла, амма тхайн кІайн ваша дІатесна, тхойшиъ чубогІур бац»	

62. «ДоттагІа» дийцарехь хьан хІун элира билгалдаккха.

Асет Алиевна	
	«Асет Алиевна, и гІант Адама ца кагдина, ас кагдина».

Ваха	
	«Муьлха ву шуьшиннах гІант кагдинарг... ловзуш-м вац шуьшиъ, хІан? ХІара дан хІун ду!»
Адам	
	«Асет Алиевна, хьан ишкап тІехь лаьтташ йолчу глобусе хьажа лууш вара со. Цу тІе кхача гІерташ, гІанта тІе ваьллера со. Раздаьлла, кагделира-кх и...»

63. «ДоттагІалла» дийцаран турпалхойн цІераш дІайазйе лахахь.

_____

_____

_____

_____

_____

64. Демеев Іалавдин «ДоттагІчуьнга» байтан рифмашка хьажа. Уьш йоцурш а, рифмаш йалайе лахахь санна.

Іуьйре-суьйре

_____

_____

_____

_____

_____

_____

_____

КХЕЧУ КЪАЬМНИЙН ФОЛЬКЛОР

65. «Тамашийна тамаша, Іаламате Іаламат» туьйранан аламаш чекхбаха.

Дийнахь сарралц хьуьнхахула лелаш, _____
_____
_____
_____

Миска стаг цуьнан букъа тІе хиина, _____
_____
_____
_____

Бевдда шайн-шайн цІа дІаса а бевлла, _____
_____
_____
_____

66. «Тамашийна тамаша, Іаламате Іаламат» туьйранан план хІоттайе. Айхьа хІоттийнчу планаца дІадийца и туьйра школехь.

_____
_____
_____
_____
_____
_____
_____
_____

67. «Уггар нуьцкъалниг» туьйранехь хьан хIун аьлла дIайазде лахахь.

ХIай, нуьцкъала стелахаьштиг! – аьлла мохь белира кIентан. – Схьахетарехь, хIокху дуьнен тIехь цхьа а хIума дац хьол ницкъ болуш а, кхераме а. Айса дийна хIара хьех хьуна совгIатна ло-кх ас.	
– ХIан-хIа, Бимурзель, схьа ца оьцу ас хьоьгара хьех. Хи ду сол а нуьцкъала. ДIахьажахьа, цо суна тIехь диначуьнга. Даккхий Iаннаш дохуш, аьхкина, лазийна сан агIонаш. Сан дагна тIекхаччалц йу хино суна йина чевнаш.	
– Со мархано кхоьллина ду. Шена луъучохь, сан хи охьакхосса ницкъ болуш йу иза.	
– Сан паччахь – мох бу. Шен лаам болччу метте дIахьо цо со, йадайой. Дена жима бер санна, цунна массо а хIуманна тIехь муьтIахь хуьлу со.	
– ХIан-хIа, адам, со массарал а нуьцкъала дац. ДIахьажа оцу лаьттачу къоьжачу Эльбрус-ломе. Эзарнаш шераш ду ас цунна тIе сайн хаьштигаш-пхерчий кхуьссу, ткъа иза ша ма-латтара лаьтташ бу хIинца а.	
– ХIай, Бимурзель, иштта ницкъ болуш со хилча, ас йоуьйтур йарий со уьстагIашка йа хьошуьйтур йарий цаьрга шайн бергашца?	

– Тхол нуьцкъала даккхий мекхаш, ира мIараш йолу цициг ма ду. Цунах кхоьруш, массо а Iуьрга дIалевчкъина Iаш ду тхо.	
Вагош йолу цIе санна догуш бIаьргаш а, ира арсаш санна мIараш а йу сан. Ткъа цергаш аьчкал чIогIа а, ирачу арсел ира а йу. Схьада, охьадилла суна хьалха ахь дийна хьех.	

68. «Уггар нуьцкъалниг» туьйранехь хьахийна воцу турпалхо билгалваккха.

- ○ Хаспашдийриг
- ○ Цициг
- ○ Аьрзу
- ○ Мох

69. «Синдбад-хIордахочун леламаш» туьйранан план хIоттайе. Оцу планаца дийца и туьйра.

Хаарш зер

70. Мила муьлхачу туьйранера ву билгалдаккха.

Хаспашдийриг	
Хьуьнанда	
Миска стаг	
Бимурзель	
Цициг	
ГIаз	

71. Хаттаршна жоьпаш ло.

1) Ша дийна долу хьех совгIатна уггар нуьцкъалчунна дала лиъларг мила вара? _____

_____

_____

2) Ша шайтIанех кIелхьарваккхарна совгIатна гIаз йелларг мила вара? _____

_____

_____

3) Шега гIо деха миска стаг веъча, и човхош эккхийнарг мила вара? _____

_____

_____

72. Хьайна дика хеттачу туьйранан турпалхочух лаций дийцар йазде йа цуьнан сурт дилла.

ГIИЛЛАКХАН ГIАЛА

73. «Пеша уллехь къамелаш» дийцар тIера хIун гIиллакхаш девзи хьуна? ДIайазде уьш.

_____

_____

_____

_____

_____

74. «Марха досту де» байта тIехь муха синхаамаш гайтина поэто? Сиз хьакха.

Самукъане, сингаттаме, гIайгIане, беламе, сирла, дог-ойла гIаттош.

Хаарш зер

75. Цхьа дика хIума хила лаарца олуш долу дешнех хIун олу вай?

- ○ Ловц баккхар
- ○ Хьехар дар
- ○ Хаттар дар

76. Новкъа воьдучуьнга олуш долу дешнаш.

- ○ Некъ дика хуьлда!
- ○ Марша Iойла!
- ○ Де дика дойла!

77. Болх бечунна тIекхаьчча олуш долу дешнаш.

- ○ Ирс долуш болх хуьлийла!
- ○ Дала некъ нисбойла!
- ○ Марша вогIийла!

78. Хьайна девзаш долу, ловц боккхуш олуш долу дешнаш дIайазде лахахь.

_____

_____

БІАЬСТЕ

79. БІаьстенан сурт дилла.

80. «БІаьсте» дийцарна тІехь бІаьстенан хьеший хьанах олу авторо?

81. «БIаьсте» дийцар тIе а хьожуш, тIе ца тоьа дешнаш тIейазде. Дийца церан маьIнах лаций.

«Пардо санна хина тIехула лацабелла _____»,
«Бай а сенло, чуьрк а, моза а _____»,
«Дахар самадолу дерриг а _____».

82. «Зезагаш» байта тIехь гайтинчу зезагийн сурт дилла. Айхьа дехкинчу зезагийн цIераш йазйе нохчийн маттахь.

_____
_____
_____
_____
_____
_____

83. «Баркалла» дийцаран коьрта маьIна хIн ду аьлла хета хьуна? Йазде хьайна хетарг.

_____
_____
_____
_____
_____
_____
_____

84. ЧIирдиг «Баркалла» цIе йолу дийцар дIадийца дезаш ву урокехь. Цунна хаттаршна жоьпаш луш гIо дийр дарий ахь?

«Баркалла» дийцаран план

1. ХIун нехаш хиллера йаьшки чохь карош хилларш?

_____
_____
_____
_____

2. Олхазарех муха къинхетам бира дийцаран турпалхочо?

_____
_____
_____
_____

3. Муха баркалла элира олхазарша шайна гIо динчу стагна?

_____
_____
_____
_____
_____

85. «БIаьстенан ловзар» стихотворенех лаьцна хаттарш кечдина Дикас. Царна жоьпаш дала хьажа.

1. БIаьсте йеъна, бохуш, кхаьънаш дохуш йерг мила йу байта тIехь?

_____
_____

2. НІаьвлане хІун хоьттуш йу цаьпцалг?

_____

_____

3. «Аш Іа муха даькккхи» хаьттинарг хІун олхазар дара?

_____

_____

4. Къийго муха дош элира Іаьнах а, Даймахках а лаьцна?

_____

_____

5. Хелхарна говза хилларг мила йара?

_____

_____

6. Шайн ловзаран тхьамда мила хаьржира цара?

_____

_____

86. «ЧІегІардиган бен» дийцарна долчу хаттаршна жоьпаш ло.

а) ЧІегІардиган бен дІалаьцнарг мила хиллера?

- ○ Хьоза
- ○ Гезг
- ○ Къиг

аь) Шаьша цIакхаьчча хIун дира чIегIардигаша?

_____

_____

_____

_____

б) Хьоза кIелхьардаькккхинарг мила вара?

_____

_____

_____

Хаарш зер

87. Хаттаршна жоьпаш ло.

а) Гурахь кхечу махка дIа а доьлхуш, бIаьста цIа-доьрзуш долу олхазарш?

- ○ ЧIегIагаш
- ○ Хьозарчий
- ○ ГIаргIулеш
- ○ Къийгаш

аь) БIаьста Iаламехь хуьлуш болу хийцамаш дIайазбе.

_____

_____

_____

_____

_____

_____

НОХЧИЙН МАХКАХЬ

88. «Нохчийн махкахь» байта тIехь далийна долу массех дустар схьайазде.

_____

_____

_____

_____

_____

89. «Даймахке марзо» байта тIехь далийна доцу дешнаш билгалдаха.

- ○ Дезна суна лекха лаьмнаш
- ○ Винчу махке йолу марзо
- ○ Оьзда, гIилкхе нохчийн къам
- ○ Лаьмнех дуьйлу шовданаш
- ○ Исбаьхьа ду вайн Даймахкахь
- ○ Дено-дено кхуьу, хазло

90. «ХIораннан а шен мотт бу» байта тIе а хьожуш, дIанисде вовшашца догIу дешнаш.

ЖIаьла	дека
Хьоза	лета
Борз	кхойкху
НIаьна	цIевза
ЦIе	угIу
Йетт	терса
Хи	Iаьха

Говр	шабарш до
ГІаша	шах-шах до

91. «Йовза кІорнийн цІераш» байта тІе а хьожуш, хьенан муьлха кІорни йу билгалдаккха лахахь санна.

Пхьидан	бекъа
Виран	могли
Газанан	кІеза
ЖІаьлин	буьхьиг
УстагІан	тотал
Ченан	Іахар
Говран	кІеза
Берзан	бекъа

92. «Турпалхо мила ву» дийцарх долчу хаттаршна жоьпаш лаха.

1. Немцошна дуьхьал тІом беш, 920 фашист вийна волу нохчийн къоман турпалхо мила ву?

○ Асланбек Шарипов
○ Нурадилов Ханпаша
○ Харачойн Зеламха

2. Вайн махкахь мел йолчу меттигийн нохчийн цІераш дІайазйинарг мила вара?

○ Мамакаев Іаьрби
○ Сулейманов Ахьмад
○ Окуев Шима

3. Кавказан маршонан дуьхьа тІом бина волу нохчийн къоман турпалхо мила хилла?

- ○ Шейх Мансур
- ○ Исмайлин Дуда
- ○ Висаитов Мовлади

93. «ТІергІан пазаташ» дийцар тІехь хьахийна волу нохчийн турпалхо мила ву?

_____
_____
_____
_____

94. ЦІахь болчу баккхийчаьрга хатта а хоттуш, вайн къоман турпалхочух лаций йазде.

_____
_____
_____
_____
_____
_____
_____
_____
_____
_____
_____
_____
_____

95. «Ма гойла» байтан могIанаш нис ца луш ву ЧIирдиг. ГIо дехьа цунна. Iамат тIе а хьожуш, дIайазде тIе ца тоьа дешнаш.

Герз лелхаш _____,
_____ ма гойла!
Ма _____ доьлхуш,
_____ хьоьгуш!

ГIовтталаш, _____,
_____ гIовтталаш,
Массанхьа _____ бай,
_____ Iовдалаш!

_____ совцабан
Шаьш кийча _____,
_____ машарна
Массо халкъ _____!

Хаарш зер

96. Нохчийн маттахь хьайна хууш йолу бецийн, дитттийн, дийнатийн цIераш дIайазйе лахахь.

Бецаш	Дитташ	Дийнаташ

НОХЧИЙН ФОЛЬКЛОР

97. Туьйранаш муьлхачу тайпанашка декъало?

_____

_____

_____

_____

_____

98. Дийнатех долчу туьйранашкахь коьрта турпалхой муьлш хуьлу?

_____

_____

99. Ӏер-дахаран хьокхеъ долу туьйранаш муха хуьлу?

_____

_____

100. Инзаре-башхачу хӀуманех долу туьйранаш муха хуьлу?

_____

_____

_____

101. «Маьлхан а, бIухIанан а къовсам» дийцарх долчу хаттаршна жоьпаш ло.

1) ХIун къевсира малхо а, бухIано а?

_____

_____

2) Царах толам баькkхинарг мила вара?

_____

_____

3) ХIунда дIалечкъира бухIа?

_____

_____

102. «Ден весет» туьйранах долчу хаттаршна жоьпаш ло.

1. Дас динчу хьехаран хIун маьIна ду?

_____

_____

_____

_____

2. Барт хиларх лаьцна долу кица даладе.

_____

_____

_____

_____

_____

103. «Къинхетаме кIант» туьйранахь хьахийнчу олхазарийн цIераш схьайазйе. Iамайе церан цIераш.

_____

_____

_____

_____

_____

_____

104. «Таллархо» цIе йолчу туьйранан коьртачу турпалхочунна ала догIу дешнаш билгалдаха лахахь далийнчарна йукъара.

- ○ Говза
- ○ ХIиллане
- ○ Къинхетаме
- ○ Майра
- ○ Самукъне
- ○ ОьгIазе
- ○ Мекара
- ○ Сутара
- ○ Комаьрша

Хаарш зер

105. Хаттаршна жоьпаш ло.

1) Малхо толам баьккхича, эхь хетта, буса бен гучу ца йолуш, йехаш йерг?

_____

2) Хьозарчийн паччахь хила гIерташ, хIинца а, йа гома а, йа нийса а йоцу дечиг лоьхуш лелаш долу олхазар?

_____

_____

3) Бокказан куй тиллина, олхазарийн къамелаш а хезна, йешапаш а эшийна, йоIана гIо дина волу кIант муьлхачу туьйранера вара?

_____

_____

_____

106. Аьхкенан сурт дилла.

ЧУЛАЦАМ

Жима, доккха дуьне 3
Іалам 6
Хаарш зер 7
Іа 8
Хаарш зер 10
ДоттагІалла 11
Кхеччу къаьмнийн фольклор 13
Хаарш зер 15
ГІиллакхан гІала 16
Хаарш зер 17
БІаьсте 18
Хаарш зер 22
Нохчийн махкахь 23
Хаарш зер 26
Нохчийн фольклор 27
Хаарш зер 29

Учебное издание

**Бадаева Айшат Салауддиновна, Алиева Зарина Лом-Алиевна,
Халикова Асет Хусаиновна**

ЧЕЧЕНСКАЯ ЛИТЕРАТУРА

**Рабочая тетрадь № 2
к учебнику А.С. Бадаевой, З.Л.-А. Алиевой, А.Х. Халиковой
«Чеченская литература. 3 класс»**

Редактор Бураева Т.И.
Верстальщик М.С. Астомирова
Технический редактор С.В. Дзагаева
Корректор А.Т. Бицалова

9 785431 405372

Подписано в печать 12.01.2023. Формат 70x90 1/16. Бумага офсетная.
Печать офсетная. Гарнитура SchoolBookC. Усл.-печ. л. 2,34.
Тираж . Заказ .

АО «Издательско-полиграфический комплекс «Грозненский рабочий»
364000, ЧР, Грозный, ул. Санкт-Петербургская, 12/35